

## Umuti wa (SDF) usigura iki?

Umuti wa SDF ni umuti w'amazi ushobora gukoreshwa mu kwoza amenyo kugira bahagarike ingwara yo gutoboka kw'amenyo. Usigwa ku menyo hadakoreshewe urushinge canke akuma gatobora, kugira ushobore kuba ngirakamaro kubaba muri Vermont bafise ingorane zo gushobora kwivuza amenyo. Ubuuvi bw'ingwara zo gutoboka kw'amenyo hakoreshejwe umuti w'amenyo wa SDF harigihe butazokubuza guhomesha iryino ryatobotse muri kazoa.

## Ni gute nokwandikisha umwana wanje kugira ahabwe umuti w'amenyo wa SDF?

- Uwujejwe isuku ry'amenyo azokumutsa amenyo y'umwana wawe.
- Azoshira umuti w'amenyo wa SDF mu ntoboro ashiremwo mukemuke hanyuma awureke wume mu gihe c'umunota umwe.
- Umenye ko umuti wa SDF utuma intoboro yirabura. Raba amafoto ari hepfo.
- Umwana wawe arashobora kugira icanga c'icuma mu kanwa kiwe, kikazoca kigenda vuba.
- Iyo umuti wa SDF uhuye n'urukoba hamwe/canke ibinyigishi, hazozako amabara igehe gito.
- Iyo umuti wa SDF ushizwe ku ryino risanzwe ryarahomwe n'umuti ufise irindi bara, harashobora kuzako irindi bara.

## Urasabwa kumenyesha uwujejwe isuku ry'amenyo mu gihe umwana wawe afise ico arico cose mu bimenyetso bikurikira:

- Ukuziranirwa ku cuma c'umwakaka canke ibindi vyuma
- Ibikomere bimubabaza mu kanwa
- Ingorene iyo ariyo yose y'urukoba rutihanganira ibantu bimwe na bimwe

## Inyuma y'ico gikorwa:

- Umwana wawe ntiyemerewe kwiyugumura gushika uwo musi uheze.
- Ingorene zavuzwe haruguru zirashobora kuba ari nke ugereranije z'izivugwa n'uwakoze uwo muti. Uramutse ubonye izindi ngorane zitavuzwe haruguru, urasabwa kwakura umuforoma w'ishure.
- Mu gihe umwana wawe adasanze afise umuganga w'amenyo mu buryo buhoraho, uwujejwe isuku ry'amenyo azogufasha kurondera ahantu umwana wawe ashobora kuronwa ku buryo buhoraho, ubuvuvi bw'amenyo bubereye.
- Ubuuvi bw'amenyo hakoreshejwe umuti wa SDF butegerezwa gusubirwamwo mu gihe c'amezi atandatu akurikira mu gihe umwana wawe atigaze aronswa ubuvuvi bw'amenyo.

## Amenyo yavuwe hakoreshejwe umuti wa SDF:



Photo Credit: Dr Jeanette MacLean



Photo Credit: Dr Jeanette MacLean

Jewe, \_\_\_\_\_, nasomye iyi fishe kandi ntahura ubwo buvuzi. Ubuuvi, harimwo n'ivyyago hamwe n'uturusho, narabisiguriwe mu buryo bwanshimishije kandi narahawwe amahirwe yo kubaza ibibazo. Ndatahura ko atacizere nahawwe ko ubu buvuzi buzokora ijana kw'ijana. Nemeye guhabwa uwujejwe isuku ry'amenyo yavyigije kugira azokore iki gikorwa.

Igenekerezo: \_\_\_\_\_ Igikumu c'umugwayi: \_\_\_\_\_

Igikumu c'umuvyeyi w'umwana agwaye, Umurezi, canke uwumuserukira yemewe n'amategeko (mu gihe bikorwa);

Igikumu c'icabona: \_\_\_\_\_

Uru ruhusha ruzoguma rwemewe gushika ruteshejwe agaciro n'umuvyeyi w'umwana canke umurezi yemewe n'amategeko.